

Avi Endistri 25-02  
6/12/2025  
Pou Pibliye Imedyatman

## **AVI: PERYÒD APLIKASYON POU PWOGRAM PILÒT SÈVIS ASISTANS PRÈ POU TAKSI AKSESIB (ATLAS) LA OUVÈ**

Apati 12 jen 2025, pwopriyetè medayon ki posede plizyè medayon kapab aplike pou Pwogram Pilòt Sèvis Asistans Prè pou Taksi Aksesib la (Accessible Taxi Loan Assistance Service Pilot Program, ATLAS). Pwogram sa a pèmèt ti pwopriyetè medayon yo diminye frè veyikil ki aksesib pou chèz woulant yo (WAV) nan bay prè pou veyikil ak enterè ba ki posib gras ak patenarya ant TLC, Disability Opportunity Fund (DOF), Empire State Development (ESD), New York Taxi Workers Alliance (NYTWA), ak Hillside Toyota. Prè yo disponib pou 100 aplikan ki kalifye. Peryòd aplikasyon an ap fèmen lè yo apwouve 100 aplikan.

Pou w kòmanse pwosesis aplikasyon an, tanpri ranpli [Fòm Elijiblite](#) a anliy. Si TLC detèmine w elijib, yo ap fè w konnen sa nan imèl. Pou w kalifye pou ATLAS, fòk ou reponn ak kritè ki vini annapre yo:

- Fòk aplikan an posede yon (1) sèl medayon epi fòk li se sèl moun yo nonmen, swa antanke sèl pwopriyetè swa antanke aksyonè prensipal antite legal ki posede medayon sa a.
- Fòk dat yo retire veyikil la nan sèvis la se nan espas 120 jou apre randevou pou seleksyon alavans TLC a. (Si pwopriyetè a deja posede yon WAV epi gen plis pase kat lane ki pase depi l te resevwa yon peman pou modifikasyon, pwopriyetè a toujou elijib pou l patisipe nan pwogram nan).
- Fòk pwopriyetè medayon an pa gen okenn dèt pou TLC oswa lòt ajans minsipal yo.
- Si pwopriyetè a te resevwa yon sibvansyon atravè Pwogram Èd pou Medayon an (Medallion Relief Program, MRP), fòk prè a ajou epi li pa an reta.
- Fòk pwopriyetè a siyen yon Pwotokòl Dakò (Memorandum of Understanding, MOU) avèk TLC pou l patisipe nan pwogram pilòt la.

TLC ap seleksyone aplikan yo pou l konfime si yo elijib pou pwogram nan, epi Fon pou Moun Andikape a ap detèmine si yo elijib pou prè a epi ede yo achte yon Toyota Sienna nan Hillside Toyota **Pwopriyetè medayon ki enterese nan ATLAS yo dwe tann apwobasyon ki nesèsè anvan yo achte veyikil la.**

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Pwogram Pilòt Asistans Prè pou Taksi ki Aksesib la](#).